लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# दानिय्येल एगो क़ैदी



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुकूलित: Mary-Anne S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

दानिय्येल अउर उनकर तीन गो दोस्त इस्राएल में रहत रहलें। एक दिन एगो महान राजा उनकी देश में अइलन अउर सब बुद्धिमान युवक लोग के अपनी देश में लेके चल गइल।



ओ राजा क बड़ा बड़ नाम रहल - नबूकदनेस्सर - अउर उ बाबुल नामक एगो दूर देश में रहत रहलन।



बाबुल में जवानन के बहुत बढ़ियाँ तरह से खिदमत कइल गइल। राजा दुनिया की हर देश से प्रतिभाशाली अउर सबसे बढ़ियाँ युवकन के चुनले रहलन।



उ बाबुल की भाषा में उन्हन लोगन के प्रशिक्षित कइला क योजना बनवलन ताकि उ सब लोग उनकर कर्मचारी बनके उनके राज्य चलवला में उनकर मदद करें।



युवक भी उहे खाना खात रहलें जेवन राजा खात रहलन। लेकिन दानिय्येल अउर उनकर दोस्त ओ भोजन के ना खाइल चाहत रहलें; काँहे से कि उ खाना झूठ देवता की सामने चढ़ावल गइल रहल।



दानिय्येल परमेश्वर की विरोध में कुछ भी ना कइला क वादा कइले रहलन। इस्राएल क परमेश्वर अपनी लोगन के आज्ञा दिहले रहलन कि उ लोग मूर्ती व झूठ देवता की संगे कवनो प्रकार क सम्बन्ध ना रखें।



दानिय्येल, अपनी प्रशिक्षण देबेवाला प्रभारी से अनुमति मंगलन कि उनके राजा क भोजन ना दिहल जाव। यदि राजा के ई बात क पता चल जाइत तअ राजा बहुत नाराज हो जइतन; लेकिन परमेश्वर दानिय्येल के ए आदमी क पसंदीदा बना दिहले रहलन।



उ दानिय्येल अउर उनकरी दोस्तन क एगो परीक्षा लिहला की साथ सहमत हो गइलन। दस दिन की खातिर ओ लोगन के खाली सब्जी खाये के अउर खाली पानी पीये के रहल। ओ दस दिन की अंत में दानिय्येल अउर उनकर दोस्त, राजा क भोजन खाये वाला अन्य सब पुरुषन की तुलना में ज्यादा स्वस्थ लागत रहलें।



ए युवक लोग परमेश्वर के सम्मानित कइलन। अउर परमेश्वर भी ओ लोगन के सम्मानित कइलन। परमेश्वर ओ लोगन के ज्ञान अउर कौशल दिहलन, अउर दानिय्येल के सब दर्शन अउर सपना के समझला खातिर ज्ञान दिहले रहलन।





बाबुल में स्कूल की शिक्षा की तीन साल बाद, सब युवकन के राजा नबूकदनेस्सर की सामने प्रस्तुत कइल गइल। उ उन सब में से सबसे होनहार की रूप में दानिय्येल अउर उनकरी तीनो दोस्तन के चुनलन।



वास्तव में, राजा ई पता लगा लिहल कि उनकरी राज्य में सब बुद्धिमान पुरुषन की तुलना में दानिय्येल अधिक ज्ञान वान अउर बुद्धिमान रहलन।

एक रात, राजा के एगो बुरा सपना आइल। उ अपनी जादूगरन, ज्योतिष अउर टोना करे वालन के उनकरी सामने उपस्थित होखे के आदेश दिहलन। राजा कहलन, "हम एगो सपना देखलीं हअ, अउर हमार आत्मा सपना के समझे खातिर उत्सुक बा"।



पण्डित लोग कहलें; हे राजा, तू सर्वदा जीवित रहअ, "उत्तर दिहला की संगे कहलें! ओ सपना के अपनी सेवकन के बतायीं, अउर हम सब ओकर मतलब समझा देब जा।"



राजा जवाब दिहलन, "ना! आपसब खुद ही हमरी सपना के जेवन हम देखलीं ह अउर ओकरी मतलब के समझावअ।
अगर तू लोग ना बता सकबअ त तोहन लोग के टुकड़न में काट दिहल जायी, अउर तोहन लोगन की घरन के जरा दिहल जायी!



लेकिन यदि तोहन लोग हमरी सपना अउर ओकर मतलब समझइबअ लोग" राजा बोलल, जारी रखलन। "तू सब लोग के उपहार अउर पुरस्कार अउर महान सम्मान दीहल जायी।" बेशक, पण्डितन में से केहु भी राजा की सपना के बता ना सकल।



राजा क पण्डित लोग राजा के बतवलें कि जेवन तू पूछत बाड़अ ओ के बतावे खातिर ए पृथ्वी पर अइसन कवनो आदमी नइखे।"



"खाली देवता लोग ही अइसन कर सके लें, अउर उ लोग ए धरती पर ना रहे लें" राजा के बहुत गुस्सा आ गइल। उ आज्ञा दीहलन कि "बाबुल की सब पण्डितन के नष्ट कर दिहल जॉव"।



जब सैनिक दानिय्येल की पास अइलन तब उ, अर्योक, राजा की कप्तान से पुछलन। "राजा सब पण्डितन के काहें नष्ट करल चाहत बाड़न?" तब अर्योक दानिय्येल के सब कुछ बता दिहलन।



दानिय्येल राजा से मिले खातिर चल गइलन। उ राजा से कुछ अउर समय मंगलन ताकि उ राजा की सपना अउर उनकरी अर्थ के बता सकें।



फिर दानिय्येल अपनी घरे गइल, अपनी दोस्तन शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो के सब कुछ बता दिहलन। दानिय्येल के सपना या ओकरी मतलब की बारे में कवनो जानकारी ना रहल, लेकिन ...



... उ एगो अइसन ब्यक्ति के जानत रहलन जे के सब कुछ मालूम रहे। उ ब्यक्ति केहु अउरी ना लेकिन परमेश्वर ही रहलन। अब दानिय्येल अपनी दोस्तन की संगे प्रार्थना कइलन।



परमेश्वर दानिय्येल के ओ सपना अउर ओकर अर्थ देखवलन। दानिय्येल, स्वर्ग की परमेश्वर के धन्य कहलन, "यहोवा परमेश्वर क नाम धन्य होखे, बुद्धि अउर पराक्रम अउर महिमा सदा उनकर ही रहे।"



दानिय्येल, जल्दबाजी में राजा की पास गइलन अउर उनके सब कुछ बता दिहलन।



"एकही यहोवा परमेश्वर हउवन जेवन स्वर्ग में रहेलें अउर सब रहस्यन के जाने लें।" राजा का सपना देखले रहलन अउर ओ सपना क

मतलब का ह, सब राजा के बतवलन।



राजा नबूकदनेस्सर आपन सपना अउर ओकर अर्थ सुन के, दानिय्येल की सामने नीचे मुँख की भरे गिर गइलन। अउर कहलन, "सच तो ई ह की तोहन लोगन क परमेश्वर, सब ईश्वरन क ईश्वर, राजा लोग क राजा, अउर सब भेदन के खोले वाला हउवन।"



नियुक्त क दिहलन। एही से तूं
ए भेद के बता सकत बाड़अ। तब
राजा दानिय्येल के एगो महान
आदमी बनवलन, अउर उनके
कईगो महान उपहार भी
दिहलन।



राजा उनके बाबुल की पूरा प्रांत
क शासक बनवलन, अउर
बाबुल की सब पण्डितन
पर अधिकारी करके
नियुक्त क दिहलन।



# दानिय्येल एगो क़ैदी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 1-2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16